Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 8 (7357)
21 февраль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ВатIан цIунулезул Къогун!

Районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда, тылалда хIалтIаразда баркула – ВатIан цIунулезул Къо!

Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб Армия гIуцIаралдаса 111 сон тIубана. Къоабилеб гIасруялъул авалалда кьучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана бахIарчилъиялъул, къо хIехьеялъул цIар арал гьурмал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIунун къеркьараб БагIараб Армиялъ I941-1945 соназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIанияб рагъул бицун бажаруларебгIанги захIматаб кьогIлъи.

Рагъулал саназдаги ракълилаб захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабаз бихьизабуна къо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул мисал.

Хадурккунги Яргъилал Къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIинабиялда рихьизарурал



хIасилал хвел гьечIеллъун руго.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гIумро, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккунги нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зобги, парахатаб гIумроги букIине. Гьарула щивасе гьабулеб ишалъулъ икъбал!

**ГI. НурмухIамадов , районалъул бетIер**

## Районалъул ОВДялде цIияв начальник тIамуна



Араб анкьалда РДялъул МВДялъул УРЛСалъул начальник Сахават Сахаватовас Унсоколо районалъул ОВДялда оперативияб совещание тIобитIана. Гьенибго ОВДялъул цIияв нухмалъулевлъун вихьизавуна полициялъул подполковник Салман ХIажиев.

Гьениве тIамизегIан С.ХIажиев вукIана Буйнакск шагьаралъул экстремизм-терроризмалде данде къеркьеялъул отделалъул начальниклъун. Дагъистаналъул МВДялъул бетIерасул приказалдалъун гьев тIамун вуго РДялъул Унсоколо районалъул ОВДялъул начальниклъун.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, отделалъул начальниклъун вукIарав М. МухIамадов, районалъул федералияв судья ГI. МухIамадов, районалъул бетIерасул кумекчи М. ХIайбулаев ва цогидалги.

Дандельи рагъулаго С. Сахаватовас кIвар буссинабуна жанисел органаз гIадамазул хIинкъи гьечIолъи ва ихтиярал цIуниялде кIвар кьезе кколин. Гьес бихьизабуна кьварараб системнияб хъаравуллъи букIинабизе кколин хIалтIулаб составалда хадуб, жидерго ва коллективалъул хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кколин, экстремизм-терроризмалъул суал бербалагьиялда гъоркь букIине кколин. Гьединго тIадчIей гьабуна бакIалъулаб самоуправлениялгун цадахъ рекъон хIалтIи бачине кколин, бакIалъулаб санитариябгун рацIалъи цIуниялъул рахъалъ территориялда бугеб хIал хъаравуллъиялда гъоркь букIине кколин. Гьеб сахаб гIумро гьабиялъул аслу бугин.

Муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна ОВДялъул начальниклъун вукIарав М. МухIамадовас хIалтIи жавабчилъигун бачанин. Гьесие администрациялъул рахъалдасан кьуна Баркалаялъулаб кагъат. КIалъазе вахъарав районалъул прокурор ХI. Хайчилаевасги лъикIаб къимат кьуна М. МухIамадовасул хIалтIуе.

КIалъарав М. МухIамадовас баркала загьир гьабуна цадахъ хIалтIарал полициялъул хIалтIухъабазе ва районалъул нухмалъиялъе.

Ахиралда С. Сахаватовасги гIемер саназулаб хIалтIухъ баркала загьир гьабуна М. МухIамадовасе.

ЖКХялъул реформа унеб буго

## ТКОялъул рахъалъ цIияб къагIидаялде рачIин

Дагьал церегIан къоязда администрациялда букIана бетIер ГI. НурмухIамадовгун ва цогидал жавабиял гIадамалгун УКялъул «Лидер» регионалияб операторалъул гьоркьохъеб рахъалъул ОООялъул генералияв директорасул зам. ГIалисканди ХIажимухIамадовасулгун дандчIвай. Аслияб суал букIана ТКОялда (твердый коммунальный отход) хурхун ругел цIилъабазда хурхараб. Гьенив гIахьаллъана гьеб ишалда хурхун Унсоколо районалда бугеб подразделениялъул нач. М-Р. АхIмадовги.

Аслияб тема букIана цIияб правительствоялъул программаялда рекъон мусор баччиялда хурхараб. Данделъиялда дандрана хадубккун гьеб хIалтIи гIуцIиялъул аслиял суалал.

Жиндирго кIалъаялда ГI. ХIажимухIамадовас бицен гьабулеб программаялъул хIакъалъулъ гьадин бицана: «2019 соналъул 1 январалдаса нахъе хасаб коммуналияб хъулухъ баккана къвакIарал коммуналиял отходазда хурхун (ТКО). Гьеб коммуналияб хъулухъ хьезабизе буго регионалияб ТКОялъул хIалтIи гьабулел оператораз. Регионалияб операторазулгун къотIи-къай хъвала гьел отходазул зоналиял операторазул коммерческиял гIадамаз. Гьеб хъвалеб публичнияб къотIи буго регионалиял операторазул официалиял сайтазда»,-ян.

Киналго 2018 соналда отходазул рахъалъ; бакIариялъул, къачIаялъул, букъиялъул, цо бакIалдаса цойгидаб бакIалде баччиялъул, зарал кьоларедухъ къачIаялъул, районалда киса-кибего Россиялдаго гIадин хIалтIулел рукIарал къагIидби хIалтIизе гьечIо 2019 соналъул 1 январалдаса нахъе, ай регионалиял операторал хIалтIизе лъугьаралдаса нахъе. Цогидал гIадамазул ихтияр гьечIо гьеб суалалда хурхун хIалтIи гьабизе, амма гьезул хIалтIулал бакIал цIунун хутIизе руго.

Гьеб коммуналияб хъулухъалъухъ гIарац кьезе ккола киназго. Республикаялъул хъулухъалъул хIукмуялда ва тарифазда рекъон Дагъистаналда чIезабун буго регионалияб операторалъул ТКОялда хурхараб цогояб тариф. «Лидер» УК ОООялъул 2019 соналда гьелъул къадар буго комерческиял организациязда 242,56 гъур. кубическияб метраялъухъ, НДС 20% хIисабалдеги босун, НДС хIисабалде босичIого 202,13 гъур. Частниял рукъзабахъ ругел физическиял лицабазухъ 45,80 гъур, гIемер квартирабазул рукъзабахъ вугев физ.лицасе 45,91 гъур.

Бихьизабуна кинабго хIалтIи гIуцIизе бугин гIадамазухъа бакIарараб гIарцуде, гьединлъидал щивас гIарацги кьезе ккола. Унеб буго къотIаби хъвай ва мусор бакIари.

Жиндирго иргаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна кумек гьабизе бугин регионалиял операторазе хIалтIи гIуцIизе – абун.

Мусоралда хурхун гьединал тадбирал гIумроялда рахъине гьаричIони гьелда гъоркь бугеб озонияб слой ракьул хвезабулеб буго чорокмиялъ, ай гъорлъ бугел асар гьарулел жалаз. ТIадаб программа тIубазабулеб гьечIони гIадамазда тIад лъезе руго 1000 – 2000 гъур. Административиял штрафал.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 8 (7357)

21 февраль 2019 сон

2 гьумер

**Рахьдал мацIалъул Къогун**

21 февраль ккола Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул Къо. Гьеб чIезабуна ООНалъул Генералияб Ассамблеялъул кумекалдалъун ЮНЕСКОялъул Генералияб Ассамблеялъул 30 сессиялда.



# ГIагараб мацI

Киса – кибего улкабазда гIагараб мацI чIезабула «Эбелалъул мацI» терминалдасан. Лъица эбелалъ гурони лъимер ругьун гьабулеб тIоцересел рагIаби абизе? Гьел руго бищунго берцинал, лъикIал, хIалимал, ритIарал рагIаби. Масала; эбел, бакъ, зоб, дуниял.

Лъица эбелалъ гIадин тухумалдаса тухумалде киниялъулаб гIагараб мацIалъ кьолел маргьаби абиял, рукIа – рахъиналъул хIакъикъат, обществоялъул гIумро гьабиялъул къагIидаби. Эбелалъ гIадин хIасратго лъимаде кинидахъ кучIдул ахIулищ, гьелъул гъваридаб магIнаги бакъанги цIунун? Лъидехун лъимералъ квер бегьулеб цебе эбел йикIаго? Гьедин эбелалъ тIоцебе бицараб мацI ккола щивасе рахьдал мацI.

РФялъул Конституциялда абулеб буго: «Щивасул ихтияр буго гIагараблъун бокьараб мацI тIаса бищизе, тарбия лъай кьеялъулъ, творчествалъулъ.



ТалихI бугесда кIоченаро эбелалъул рахьдада цадахъ нилъее щвараб рахьдал мацI.
Баркула гIагараб рахьдал мацIалъул Къо!

# Аваразул жакъаги нилъ божулел абиял



- Базаралде бачараб хIайван бичун ани, бухьараб квар цадахъ кьоларо баракат унилан. Гьединго чу бичани чIолорхъжо ва кьили кьоларо.
- Раса хъвагIан гьабураб гьитIинаб ахирисеб хинкI бихьинчиясе кьоларо квине, гьев можрица къолин абун.
- Чол гвангвара гъотIода бухьани, пихъ бижула.
- Гьабураб мехалъ лъимадул гъоркьа хIатIида панкъ-чед кьабани, кIудияв гIедал можрица бергьуна.
- Сапаралде унаго гIанкI данде ккани, цер данде кканин абизе ккола, гIанкI нухда батани нух битIуларо.
- Рокъоса чи къватIив араб мехалъ гьесда хадуб рукъ лъухьизе бегьуларо – нух битIуларо.
- ХIайван бичизе бачунеб бугони, гьелдаса дагьал расал рокъор тола баракат инчIого букIине.
- Бакъанида зоб багIарлъун бугони, метер къо роцIараб бугин абула, радал зоб багIарлъун бугони, дунял кьерхараб бачIунилан абула. Гьелдасан бачIараб буго: «Радал багIар – къинаб, къаси багIар – хIораб», - аби.
- Их чIараб къоялъ 9 батIияб квен кваназе кколин абула.
- Их рекIинчIого букIине надалда мичIчI хIунчула.
- Дандерижи гIадамасда ахIдола «ия» - ян абуни гIадан хола, «жужахIалъул цIа» - ян ахIизе ккола.
- Нус гIодобе бортани – гьобол вачIуна, кIвекьмахх бортани – гьобол ячIуна.
- ЧIарал бусада гьабураб дугIа къабуллъула.
- БацIица тIинчI гьабулаго цадахъ къинлъи ккани, анлъго соналъ лъимер гьабуларо.
- Чинхъани чияца цIар бахъун букIуна.
- ГIицIал хIатIалгун царгъиниса ханжу босани – баракат уна.
- Хварав чи чурараб лъим тIураб бакIалда гIицIал хIатIал чIани – рихъ-рихъула хIатIал.
- Нухда унаго нух къотIун цебесан борохь ани, нух битIуларо.
- Къоролалъул тIохде цIцIан бани, цIинкрал тIагIуна.
- Нухда унаго кIицIул чинхъани нух битIула.
- Нухда унаго цо жо рокъоб хутIани нух битIуларо.
- Логода бащадаб гIинтIидул хьоп къотIун мокърукь къазабуни, гьебгун цадахъ цIинкрал ракъвала.
- Руз росулъе балагьун ахIдани, росулъ чи хола.
- Цо чиясул рагьда руз чIани – гьезул чи хола.
- Рокъобехун балагьун азбаралъуб хIелеко гIегIедани, гьобол вачIуна.
- Базаралде унаго хIатIида реччел хъвани – даран битIула.
- Сапаралде унаго цIураб гIеретIгун нухда чIун гIадан ятани, нух битIула, чIехьараб батани битIуларо.
- Къоркъода хъвазе бегьуларо гьеб нилъеде хьандола.
- Сапаралде унев чиясда кивейилан гьикъизе бегьуларо, Бичас биччанийилан абизе ккола.
- ТIад ретIухъе ретIел букъизе бегьуларо кIалдиб гIучI сум ккун гурони, тIад ретIун букъула цохIо мусру.
- Лъимадул тIонацIиб ракьа къвакIуларебила лъимада гамачIин абизе лъазегIан.
- Лъимадул гьурмада лахI хъвани – бер кколаро.
- Лъимер гьабизе кIоларого йигей чIужу гIаданалъе щурункъоркъол къолониса лъим кьуни, хехго гьабула.
- Лъимер кинида лъелалде гьениб кето лъола ва кIибикIула кето гIадин гIемер лъимал кьижизе.
- ГIанкIу гIергIедани баллагь бачIуна, мунго дуйго ричIчIалъеянги абун гьеб сагIат хъвезе ккола.
- ЧIобогояб кини кIикIизе бегьуларо – лъимер унтула.
- КьочIол борохь чIвани, рукъалдаса баракат уна.
- Лъималазда цаби раккулеб мехалъ мугь бала, мугь бихъ-бихъун унеб гIадин даби рихъизе.
- Кинида бугеб лъимер жибго тезе бегьуларо, нагагь уней йигони аскIоб цIилицI лъезе ккола.
- Кинида бухьараб лъимералъул къаданиб васасда нус, ясалда къвекьмахх лъола.
- Бертадул къоялъ бахIаралда хадуб рохъдол хъаба бихъани, гьезул ригьин хехго биххула.
- ЦIум чIвани баллагь бачIуна.
- ЦIудул квачI найил тIалаялда бухьани – гьоцIо гIемер бахъула.
- Лъабго эбел йихьарай ясалъ мохрол картIиниб цIа бакани - роцIуна.
- РикIкIен бицани наял рагъула.
- Кваналаго кIалдиса жо бортани чи хола.
- Квен буцулаго лъим цо рахъалде чвахун ани гьобол вачIуна.
- Ругъун бугев чи вегараб рокъоб лъелъе рехун гIанкIудал хоно лъолеб гIадат буго.
- Хъат букарани, гIарац щола.
- Хабалъе цIад тIинкIани, кьерхен халалъула.
- Кьунсрул рукарани, вихьизе вокьарав чи вихьула.
- ГIундул роркьун, цIа бачIун лъугьуна нахъасан чи какдолев вугони.
- Тамирхьо бугел чагIаз бессулеб сугъур хехго лъугIула. Гьеб тамирхьо ккола рессарухъабазе хIал кьолеб жо.

# ГIолилазе - насихIат

ГIолохъанаб заман хехго унеб жо
Херлъизе рукIинги кIочене тоге!
Пинкьаца цIун ругел квералги лъухьун
КвенчIелалда рагьун Къуръанул тIехьгун,
Жиндаяли херлъи гьукъизе кIвечIин
КIолеб батанани нужеца гьукъе.
ЧIегIераб чIинчIоги бетIералде цIан
Елъун кIалъалаан дир кIодо-эбел.

Херлъидал гьабилин дин кIочон тоге
БахIаралги унин аниса рачун.
Нахъасан речIчIулеб гьве гIадинаб жо
Бугилан абула инсанасе хвел.
Метер гьабилилан нахъе течIого
Жакъа бажарулеб жакъаго тIубай,
Метер къоялдаги тIаде рещтIуна
РакIалда гьечIого цойгиги ишал.

Бечелъизейилан хиял гьабуге
Добе босулеб жо щибнигин гьечIо,
ЧIаго алжанилан гьундулги раге
Доба киназулго рукъзал – ращалъи.
ГIолилаб гIужалда гIелмуги цIале
Дуего бокьараб махщелги бище,
Жиндир заманалда гьабичIони иш
Нахъа захIмалъула анищ тIубазе.

Квешав вугин абун чиги какуге
Нилъехъанги кколин цо-цо мунагьал,
Кинабго рахъалъан рекъарав инсан
Вати щакав вуго гьаб дунялалда.
Къарзалъеян абун босараб гIарац
ЦIараб заманалде тIад буссинабе,
Метер лъугьинеб жо дуда лъаларо
Мунагьазул квачIикь туризе чIоге!

Мискин - пакъирасе кумекги гьабе
КIудиял чагIазул адабги цIуне,
Чи хвараб мехалда ракIалде ккоге
Дихъе щвезе гьечIин гьадинаб къойин,
Унтун сакъатлъарал лъимал-гIадамал,
Рохизе гьаризе хIаракат бахъе.
ЧIухIдарун кIалъаге кIалги гьикъуге
Дун лъикIав вугилан гьурал риччаге.

Чидае къварилъи ккараб мехалда
КигIан лъикIин абун дур ракI бохуге,
Цо пуланаб къоялъ дуда малги бан
БачIунин къварилъи дур къавулъеги.
Мунго веццун харбал гIемер рицунге
ГIадамазда лъалин щивасул багьа,
Руччабиги какун калам гьабуге
Дуда бихьичIеб жо уябилан ккун.

Ирга щоларелъув гьоркьов жуваге
Дургоги эбел – яц рукIин кIочонге.
ГIемерав гаргади гIарац батани,
ГIин тIамун чIей месед бугин абула.
Буссурманлъиялъул кьалбал сокIкIараб
Нилъер рухIги жанги жаниб цIунараб,
Киниялде къулун дуда эбелалъ
Малъараб рахьдал мацI, дуда кIочонге!

**ТIалхIат Ахъбердиев**

**РФялъул ва РДялъул Журналистазул союзалъул член.**

**Гъизилюрт шагьар**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 8 (7357)
Хамиз
21 февраль 2019 сон

3 гьумер

## Рагъул ахирисел къоял

Кисанго кумек гьечIеб
СагIат тIаде гIунтIана,
Сабруялда имамас
Амру кьуна гохI теян.
Дунялалда машгьурав
ШаргIалъул кьучIав хIуби

Щваги Шамиль, дур баркат,
ТIолго Дагъистаналъе.
ГьитIинаб миллаталъул
Гьунар тIокIав багьадур,
БахIарчияб халкъалъул
Къуркьи гьечIев цевехъан.

Шамилги АхIулгохIги,
Унго, нужер хиралъи,
Абадиялъ наслабаз
БутIрул къулила нужей.

ЦIияб тIехь: «АхIулгохIил рагъ лъугIун - 180 сон»

**М-Н. Ибрагьимов**

# «АхIулгохIил» рагъул ахирисел къоял

## АхIулгохI къорида жаниб

Ункъабилеб августалъул багIарараб къоги хисун бачIараб лагьараб сардилъ АхIулгохIалда унел рукIана щулалъаби цIи гьариялъул ва тIуранго риххарал рукъзабазул гамачI кьурул рагIалде баччиялъул хIалтIаби. КватIараб сордилъ ГIандигIурул квегIаб рахъалдасан ракIалдаго гьечIого бахъана гIарадабазул гьаракь. АхIулгохI цIунарал хехаб куцалда ракьуда гъоркь рахчана. Жеги чанцIулго кьвагьун, гьезул гьаракь къотIана. Сардилаб кьвагьиялъ кинабгIаги зарал гьабичIо, амма гьелъ магIарулал хIинкъизеги кIудияб ургъалилъеги ккезе гьаруна.

ГьанжелъизегIан АхIулгохIдеги НухгьечIебгохIдеги дандияз гIарадаби кьвагьулел рукIана гIицIго гIешдерил рахъалдасан. ТIасан ралел гIарадабазул гулбузда магIарулазул чIахIиял камиял ккезарун бажарулеб букIинчIо, гьел гIурул рагIалдехун ралагьарал нохъаздаги щулалъабаздаги нахъа рахчулел рукIиналъ. Гьанже гIурусазда бажарана чIекьдерил рахъалдаги гIарадаби лъезе, ва гьелъ ахIвал-хIал хисизабуна, магIарулалги тIуранго къоринире ккана.

ГIандигIурул рагIалде кьурулъан бахъун букIараб нух гьанжелъизегIан дандияз кквечIеб ва АхIулгохI цIунаразе, мукъсанал ругониги, сурсаталги кумекалъе гIадамалги рачIине рес кьолеб нухлъун букIана. Гьанже гьебги тушбабазул берда гъоркье кана. КъотIана АхIулгохIде бачIунеб мукъсанаб кумек. Гьурухъа лъим боси лъугьана цIакъго захIматаб, чара гьечIого, бахIарзазул рухI кьун гурони, тIубазе кIолареб масъалалъун.

АхIулгохI сверун ккун букIиналда цадахъ, гIурусаз киналгIаги ресал толел рукIинчIо кьватIисан гьелде гIагарлъизеги. МагIарулазе бачIунеб кинабгIаги кумек гьез нахъчIвана. АхIулгохIде гIагарлъулареб куцалда тIаса бегана Бекьдерилги ГIешдерилги лъарахъан бачIунеб лъин. ЧIиркъатIаги, Сагъри кьодухъги, Игьалиги, ГIашилтIаги, ХъахIабросулъги, ТIасагIашилтIаги, Унсокологи, Генубги, ГIоржубадаги чIун рукIана гIурусазулги, шамхаласулги, Мехтулинскиясулги аскарал. Щибаб къойил кинабго рахъалдасан тIаде балеб букIана гIарада.

АхIулгохIдаги гьелъул сверухълъиялдаги кисан букIаниги кумек бачIиналда кинабгIаги хьул хутIичIо. ГохI цIунаразда бичIчIана жал кинабго рахъалъ къорида жанир ккун рукIин. ГIурус рагъухъабазул мугъзада нахъа рукIарал магIарул аскаралги мигьлъана, гьезул хутIалабазда тIубан бажарулеб масъала хутIичIо, гьезулгун имамасулги бухьенги лъугIана. Гьединлъидал Шамилил изнуялдалъун ичIабилеб августалъул рогьел гIагарлъараб гIужалда АхIулгохIде ахиралда тIад вуссана Балахьуниса Мусаги.

АхIулгохIда букIана цIакъ захIматаб ахIвал-хIал. Ракъи-къечалдаги, унтабаздаги, камияздаги, рухIдакълъиялдаги, свакалдаги, загIиплъиялдаги, цогидал къварилъабазда тIадеги магIарулазда гъоркьор раккизе лъугьана хьулкъотIарал гаргарал, рагъ лъугIизе тезе ва гIурусазул шартIалги къабул гьарун, гохI жибго тезе бугилан абурал пикраби. Тушбабазул гучаб яргъида бахIарчияб квербакъи гьабизе квербакъарал щулалъабаз гьел къварилъабаздасаги балагьаздасаги гьазизаби цIунулел рукIинчIо. Къваридаб,



захIматаб, хIалуцараб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, имамас дандечIей гьабулеб букIинчIо генерал Граббелгун къотIи-къай гьабиялда, маслихIаталде рачIиналда.

КIиябго рахъалъул цIайи букIана ракълилал къотIи-къаял гьариялде. Рагъ чIезе тана ва гара-чIвариязде байбихьана анцIила кIиабилеб августалда. Гурусазулгун дандчIваялги гара-чIвариялги нухда рачине имамас тIадкъана жиндирго инсул вац Бартыханида. Хадуб гьеб ишалда гъоркъове имамас ЧIикIаса Юнусги тIамуна. Гара-чIвариязе гIурусазул вакиллъун вихьизавун вукIана гьанжего гьанже генераллъиялде вахарав Пулло. МагIарулазе данде кколеб куцалда гара-чIвариял ва рекъел гьабизе хIалбихьулаго уна ункъго къо.

Кинал ругониги дандчIваял, гара-чIвариял, къотIи-къаял гьаризе нух рагьулеб шартI хIисабалда, гIурусаз чанго нухалда тIалаб гьабулеб букIана Шамилица жиндирго цо вас аманаталъе кьей. Ракъун, къечон, сурсатал къотIун, унтаби рагъарун, макьица кIвекIун, хьулаздаса ратIалъун, чара къосиналда ругел гохI цIунулезги имамасдаса тIалаб гьабизе лъугьана гIурусазулгун гара-чIвариял гьари, васги кьун, рекъел боси ва хутIарал гIадамал хвасар гьари.

Гьел гара-чIварияздаса щибго пайда ккезе гьечIолъи бичIчIулаан имамасда. Шамилица чанцIулго инкар гьабуна вас кьезе. ЦIакъго цересел гIадамал ракIарана гьесда аскIоре. Шамилица гIагарлъиялда бицана гIадамазда гъоркьор ругел гаргаралги лъугIизе, гьаб гIазаб-гIакъубаги гIадамазда тIаса босизе ккани, чIванкъотIараб хIукмо гьабичIого жиндие рес гьечIолъиялъул хIакъалъулъ.

- Жамалудин кьечIого рес гьечIо, ПатIимат,- ян ахирги абуна Шамилица чIужуялъухъги валагьун.

-ГIокIаб бегьулеб сабабго гьечIищ, имам?,- ян хIал хисун лъугьана, гьадингоги рахIат хун, чIезе бакI лъаларого йикIарай имамасул чIужу.

- ГIедегIуге, Шамил,-ан гьоркьой кIалъана имамасул яц ПатIимат. –Чохьол эбелалъе щибниги бигьаяб иш гуро лъимер чияхъе кьей, хасго тушбабахъе. Божизе бегьуларо гьел нагIана батаял капурзабазда, кив вугев кIиго соналъ цеве ТIелекь гьез вачун арав дир вас, дир берзул нур ХIамзат?

Шамил ургъаликье ккана. КIияйго ПатIиматалги, гьездаго цадахъ хутIарал руччабиги гIодизе лъугьана. Бихьинал кIалъачIого чIана.

- ПатIиматил гIакълу битIараб буго, Шамил. ГIедегIичIого лъикI гьединаб ишалъулъ,-ян кIалъана Бартыханги. Цо щибалиго абизе бокьунги букIун, абичIого тана гьес. Аманаталъе кьун арав, амма тIад вуссинчIев ХIамзатил къисматалъ гьевги ургъизе тIамуна.

- Шамил, инчIого рес гьечIони, дун ина Жамалудинил бакIалда аманатлъун. Инсуцаги дицаги дандбараб суал буго гьеб,-ян Ибрагьимица къвакIун загьир гьабуна инсуца нахъаса ккун хутIараб пикру.

Ибрагьимил таваккалал рагIабаз цIорозаруна гьалагълъун рукIарал ракIал. Данделъараз гьел рагIаби къабул гьаруна сихIкъотIун. Шамилги хутIана щиб абилебали лъаларого.

- Инарал разилъани, Ибрагьим кьезе бегьила гъоркьлъалие,-ян абуна гьеб мехалда Бартыханица.- Юнус витIизе вуго гьеб пикру гIурусазулгун дандбайилан абизе ЧIикIаса Биахъайида аскIове.

ГIезегIан мехалда сихIкъотIунги вукIун, Шамил разилъана гьитIинав вацIгIаласулги имгIаласулги пикруялда. БакIаб гьир босана Ибрагьимица имамасдаги гьесул чIужуялдаги тIаса.

Шамилица гIурусазухъе витIана ЧIикIаса Юнус. Къабул гьабичIо генералас имамасул цIияб шартI. ГIицIго Шамилил вас кьуни гурони, хадубккун гара-чIварийял гьаризе инкар гьабуна Граббеца. Имамасги инкар гьабуна вас кьезе.

Гара-чIвариял гьарулел ругел къоял дандияз гIадада риччачIо. Гьез жигаралда гьарулел рукIана АхIулгохIде жидерго рагъулал къуватал гIагар гьариялъе хIажалъулел хIалтIаби. Ракълида ругел магIарулазул рахъалда кинабгIаги квекIен гьечIел дандияз гьеб ункъабго къоялда жаниб тIолалго хIалтIаби рагIалде рахъинаруна.

Гьанже Граббее гара-чIвариялги заман цIацIазабиги хIажат букIинчIо. Гьесие багьана къваригIун букIана рагъ цIи гьабизе. ЩулалъулгохIда гъоркьан АхIулгохIил балалде щвезегIан жидецаго гьабураб датIIокъараб нух хвезабизе магIарулал къватIие рахъиналде аслияб гьужум байбихьи букIана генераласул мурад. Гьединлъидал Граббе пашманлъичIо, хIатта лъалаго вохана имамасул инкарги босун чапар вачIиналдаса. Дандиязе тIокIаб букIинаребгIан лъикIаб рес щвана, кинабго рахъалъан санагIат рекъон букIана хехаб гьужум байбихьизе ва АхIулгохIде рорчIизе. ХIалбихьи цIикIарав генералас гьеб ресалдасан рагIа-ракьанде щун пайда босизе къасд гьабуна.

Граббел икъбал бергьараб сордо тIаде щвана. Рогьиналде гьужумалде хIадур рукIана гIурус аскарял. Къасиго гьес солдаталгун офицерзаби лъуна радал жиде-жидеца рагъ байбихьизе кколел бакIазда



**Хадусеб букIине буго**

**Пенсионный Фонд сообщает**

# ПАМЯТКА
# по заполнению форм СЗВ-КОРР, СЗВ-ИСХ за периоды до 2017 года

В целях корректировки данных, учтенных на индивидуальных лицевых счетах (ИЛС) застрахованных лиц на основании ранее представленных сведений персонифицированного учета, в территориальный орган ПФР по месту регистрации представляется форма «Данные о корректировке сведений, учтенных на индивидуальном лицевом счете застрахованного лица (СЗВ-КОРР)», утвержденная постановлением Правления ПФР от 11.01.2017 № 3п. Для формы СЗВ-КОРР предусмотрены типы: «корректирующая», «отменяющая».Форма СЗВ-КОРР с типом «корректирующая» или «отменяющая» может быть представлена только по тому застрахованному лицу, у которого на ИЛС имеются данные, подлежащие корректировке или отмене за указанный период для того же страхователя (абзац 1 пункта 4.1 раздела Порядка заполнения). Если указан тип сведений «корректирующая», то на ИЛС корректируются только данные, указанные в разделах 3-6 формы, при этом: - сведения о заработке (вознаграждении), доходе, сумме выплат и иных вознаграждений застрахованного лица (графы 2-6 раздела 4) заменяют данные, учтенные на ИЛС застрахованного лица (абзац 6 пункта 4.1 раздела Порядка заполнения); - данные о доначисленных страховых взносах (графы 7-11 раздела 4) дополняют данные, учтенные на ИЛС застрахованного лица (абзац 7 пункта 4.1 раздела Порядка заполнения);

- данные разделов 5-6 заменяют данные, учтенные на индивидуальном лицевом счете застрахованного лица (абзац 8 пункта 4.1 раздела Порядка заполнения). Учитывая условия корректировки (замены) сведений, ранее учтенных на ИЛС застрахованного лица:

При необходимости корректировки сведений только в части стажа застрахованного лица в форме СЗВ–КОРР с типом «Корректирующая» при неизменности других данных необходимо отразить сведения: - о заработке (вознаграждении), доходе, сумме выплат и иных вознаграждений застрахованного лица (графы 2-6 раздела 4) - повторить ранее указанные сведения при их наличии в ранее представленных сведениях, за исключением периодов 2002-2009, т.к. по этим периодам в отчетности не указывалась информация о сумме выплат; - о доначисленных страховых взносах (графы 7-12 раздела 4) – не заполнять, в связи с отсутствием изменений по начисленным страховым взносам на обязательное пенсионное страхование застрахованного: - о сумме выплат и иных вознаграждений в пользу физического лица, занятого на соответствующих видах работ, с которых начислены страховые взносы по дополнительному тарифу (раздел 5) - повторить ранее указанные данные при их наличии в ранее представленных сведениях; - о периодах работы застрахованного лица (раздел 6) - указать с учетом корректировки. Пример 1: Требуется скорректировать данные о стаже в ранее представленных сведениях за 1 квартал 2014 года (был указан стаж по 30.03, нужно указать по 31.03). Другие данные в ранее представленных сведениях не меняются.




При необходимости корректировки сведений в части доначисленных сумм страховых взносов на обязательное пенсионное страхование за отчетные периоды 2010-2016 гг. в форме СЗВ–КОРР с типом «Корректирующая»:

а) при неизменности других данных необходимо отразить: - сведения о заработке (вознаграждении), доходе, сумме выплат и иных вознаграждений застрахованного лица (графы 2-6 раздела 4) -повторить ранее указанные сведения при их наличии в ранее представленных сведениях; - сведения о доначисленных страховых взносах (графы 7-12 раздела 4) – указать ДОначисленные суммы страховых взносов (дельта) по месяцу(ам) отчетного периода, в котором(ых) изменились данные; - сведения о сумме выплат и иных вознаграждений в пользу физического лица, занятого на соответствующих видах работ, с которых начислены страховые взносы по дополнительному тарифу (раздел 5) - повторить ранее указанные данные при их наличии в ранее представленных сведениях; - сведения о периодах работы застрахованного лица (раздел 6) - повторить ранее указанные. б) при изменении сумм выплат, повлекших корректировку начисленных страховых взносов (доначисление), необходимо отразить:

- сведения о заработке (вознаграждении), доходе, сумме выплат и иных вознаграждений застрахованного лица (графы 2-6 раздела 4) – указать в разрезе месяцев отчетного периода с учетом изменений по месяцу(ам) отчетного периода, в котором(ых) изменились данные; - сведения о доначисленных страховых взносах (графы 7-12 раздела 4) – указать ДОначисленные суммы страховых взносов (дельта) по месяцу(ам) отчетного периода, в котором(ых) изменились данные; - сведения о сумме выплат и иных вознаграждений в пользу физического лица, занятого на соответствующих видах работ, с которых начислены страховые взносы по дополнительному тарифу (раздел 5) - повторить ранее указанные данные при их наличии в ранее представленных сведениях, в случае если они не подлежат одновременной корректировке; при одновременной корректировке – указать уточненные данные в разрезе месяцев отчетного периода с учетом изменений по месяцу(ам) отчетного периода, в котором(ых) изменились данные; - сведения о периодах работы застрахованного лица (раздел 6) - повторить ранее указанные сведения, в случае если они не подлежат одновременной корректировке, при одновременной корректировке – указать уточненные данные.




Пример 2: Требуется скорректировать суммы за декабрь 2016 года, и в связи с чем, указать доначисленные страховые взносы. Суммы выплат меняются в декабре, ранее были учтены за декабрь сумма выплат – 31818,18 руб., сумма начисленных страховых взносов составляла 7000 руб. За декабрь 2016 года по застрахованному лицу с учетом корректировки сумма выплат составила 50000 руб., сумма начисленных страховых взносов – 11000 руб. Данные о стаже не меняются.

Представление формы СЗВ-КОРР с типом «Корректирующая» с доначисленными суммами за период 2010-2016 года сопровождается представлением уточненного расчета по форме РСВ-1 ПФР за отчетный период - 2016 год с указанием доначисленных сумм в строках 120-121 и 4 разделе (представляется только 1-5 раздел). Одновременно представляется уточненная форма РСВ-1 за 2016 год с заполнением 1-5 раздела. При представлении формы СЗВ-КОРР с типом «отменяющая» наряду с разделами 1 и 2, в графе раздела 3 заполняется код категории застрахованного лица. Форма СЗВ-ИСХ представляется при отсутствии ранее представленных страхователем сведений на конкретное ЗЛ за отчетный период.







В разделе 4 «Сведения о сумме выплат и иных вознаграждений, начисленных в пользу физического лица» для отчетных периодов с 2010 года указывается сумма выплат и иных вознаграждений, начисленных плательщиками страховых взносов в пользу физического лица в рамках трудовых отношений, в т.ч. входящая в базу для начисления страховых взносов, не превышающую предельную (указывается в графе 4), и входящая в базу для начисления страховых взносов, превышающую предельную (графа 6).

За отчетные периоды 2010 года указываются суммы за последние 6 месяцев отчетного периода, а по отчетным периодам с 2011 года - за последние три месяца отчетного периода (п. 6.6.4 Порядка заполнения). В случае если на суммы выплат застрахованного лица начислялись страховые взносы более чем по одному тарифу (код категории застрахованного лица), то на это застрахованное лицо представляется количество форм СЗВ-ИСХ, равное количеству кодов категории застрахованного лица (п. 5.6.3 Порядка заполнения).

Раздел 6 «Сведения об уплаченных страховых взносах» заполняется только для отчетных периодов 2010 - 2013 гг.: указываются данные о суммах страховых взносов, уплаченных в последние три месяца отчетного периода, в рублях и копейках (для отчетных периодов 2010 года - в последние 6 месяцев отчетного периода), учитываются суммы авансовых платежей, сумма излишне уплаченных (взысканных) страховых взносов не учитывается (п. 5.8. Порядка заполнения). Представление формы СЗВ-КОРР, СЗВ-ИСХ сопровождается пояснительной запиской, ввиду дополнения и уточнения сведений по согласованию с органом ПФР (ст. 15 Федерального закона от 01.04.1996 №27-ФЗ «Об индивидуальном (персонифицированном) учете в системе обязательного пенсионного страхования»). Информация о вручении лично (по почте):

Заполняется страхователем (представителем страхователя), которому вручается памятка.
** Заполняется специалистом территориального органа ПФР, осуществляющим отправку памятки страхователю почтовой корреспонденцией.


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 20. 02. 19 г. 16. 00<br>фактически -16. 30 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |